

Vyolasyon Kòd la Souvan

VEYIKIL

Kondisyon Veyikil yo:

- Tout veyikil yo dwe nan bon kondisyon fonksyònman pou deplase poukont yo.
- Veyikil yo dwe genyen yon lisans ki aktyalize ak anrejistreman tou.
- **Eksepsyon:** Ou dwe kapab kite yon veyikil lwen kote moun pa ka wè l san yon lisans oswa anrejistreman.

Règleman sou Pakin yo:

- Si w ap viv nan zòn tankou katye oswa ti vil (Nivo Iben/Sou-iben), veyikil yo dwe pakin nan yon espas pakin ki apwouve.
- Yo entèdi pakin nan tout pwopriyete ki lib yo.

VEYIKIL KOMÈSYAL

Konte a entèdi sèten veyikil komèsyal ki gen sètan tay pou pa konsève oswapakin nan zòn rezidansyèl yo.

BATO / MACHIN POU KANPIN / TRELÈ

ato, remòk, veyikil rekreyatif ak espòtif yo dwe pakin nan lakou akote oswa lakou dèyè a, lwen pwopriyete ak ri ki ozalantou yo atravè yon miray ki opak, baryè oswa kouvèti ki gen omwen 6 pye nan wotè.



Konfòmite

Pran Mezi pou Korije Vyolasyon An

Si ou genyen kesyon, oswa si w ap travay pou korije yon vyolasyon nan kòd la, men ou bezwen plis tan akos sikonstans espesyal, **rele Responsab Konfòmite Kòd** ki atribye ak dosye w la nan **(561) 233-5500**.

Si ou pa aji byen vit pou korije vyolasyon sa a, Konte a kapab fè aranjman pou tonn teren an oswa pou demoli oswa detwi estrikti a, epi yo kapab depoze yon amann oswa yon evalyasyon fiskal kont pwopriyete a pou sèvis la. Epitou, yo kapab amann ak frè kont pwopriyete w la. Objektif nou se konfòmite, epi nou apresye asistans ou pou kenbe katye nou yo annòd.



Eskane M



Konte Palm Beach
Konsèy Komisè konte a
Depatman Planifikasyon,
Zonaj ak Konstriksyon
DIVIZYON KONFÒMITE KÒD LA

2300 North Jog Road
West Palm Beach, FL 33411

(561) 233-5500

pzbcode@pbc.gov

www.pbc.gov/pzb

Rev. APRIL 2025

Gid sou Mentans
Pwopriyete Rezidansyèl



Konte Palm Beach
Konsèy Komisè konte a
Depatman Planifikasyon,
Zonaj ak Konstriksyon
DIVIZYON KONFÒMITE KÒD LA

Pwopriyete Ki Responsab Kreye Bon Katye



Pwopriyete rezidansyèl yo nan Konte Palm Beach bezwen bon jan antretyen pou rete an bon kondisyon. San pèsòn pa ka evite sa, estrikti ak katye yo deteryore lè yo pa byen fè antretyen nan yo.

Estatistik yo endike ke prezans batiman ki abandone, ke yo neglije oswa ki barikade yo ka redwi valè yon kay pa 13%. Fatra nan yon katye ka redwi valè jiska 15%. An konsekans, lè valè pwopriyete yo tonbe, vin genyen vandalis, grafiti, ak krim pi souvan.

Genyen yon senp solisyon pou mentni bon katye yo:

Pwopriyete ki responsab!

Bwochi sa a fòme pwopriyetè yo sou kondisyon sou bon jan antretyen rezidansyèl epi li endike vyolasyon ki kouran nan kòd yo ak koreksyon yo. Sonje: Egzansyon kapab aplike nan zòn agrikòl yo.

Direktiv Ki Lye ak Pwopriyete

ESTRIKTI

Reparasyon: Repare oswa ranplase bwa ki pouri, planche ki kase oswa ki manke, fenèt, badaj, oswa bado. Asire ke tout pati eksteryè yo reziste kont move tan ak wonjè. Eksteryè a dwe reziste ak dlo epi dwe kouvri ak penti, tenti ki enpèpeyab, badaj, brik, oswa wòch ki nan bon kondisyon.

Enspekte:

- Miray eksteryè yo
- Estrikti plafon, ki gen ladan sofit, bòdi twati
- Kouvèti pou twati
- Ranp nan eskalye, palye ki elve ak galri
- Kloti (ta dwe nan yon reparasyon epi epi nan wotè ki legal)
- Fenèt ak pwoteksyon pou fenèt

PEMI POU KONSTRIKSYON

Nan Konte Palm Beach, pemi konstriksyon obligatwa pou divès estrikti ak amelyorasyon. Kèk egzanp gen ladan, men pa limite ak:

- Teras
- Kloti
- Dal pou Teras
- Wout antre
- Anga

Anvan w kòmanse nenpòt pwojè amelyorasyon lakay ou, kontakte **Divizyon Konstriksyon an nan (561) 233-5100** pou konfime si yon peman obligatwa.

AKTIVITE KOMÈSYAL

- Yo otorize Lavant nan Garaj yo de fwa chak ane, yo chak pa dwe depase 72 èdtan.
- Biznis ki fèt lakay yo dwe genyen lisans pwopriyete epi dwe mentni karaktè rezidansyèl katye a. Okenn trafik, afichaj deyò, oswa pano pa otorize.
- Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte **División de Zonificación en (561) 233-5200**.

Vyolasyon Kòd la Souvan

ESTOKAJ OUVÈ

Li ilegal pou itilize pwopriyete rezidansyèl pou estokaj oivè pou veyikil a motè ki pa an fonksyon, pyès veyikil, materyèl, materyo konstriksyon, debri vejetal, fatra, oswa bagay siminilè yo.

NÒTM SOU MENTNANS LAKOU YO

Mèt pwopriyete yo dwe fè antretyen nan zòn lakou yo, dwe kite zèb oswa move zèb yo nan yon wotè ki pa depase 7".

REGLEMAN SOU POUBÈL FATRA

- Òdonans konte a entèdi pou mete poubèl/veso ak lòt veso poubèl yo ak bò wout la pou pase chèche yo anvan 3:00 p.m. nan jou anvan lè ki regilyèman planifye pou pase chèche l la.
- Tout veso dechè yo dwe soti nan zòn pou ramasaj la nan menm jou koleksyon an fèt la.
- Veso fatra yo dwe vizib kote moun ka wè yo andeyò jou koleksyon yo.
- Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte **la Autoridad de Residuos Sólidos en el (561) 697-2700**.

PISIN

Pisin yo dwe genyen yon baryè pou pisin ki satisfè Kòd Konstriksyon Florid la ak klarite dlo pisin nan dwe mentni epi pa dwe genyen okenn alg.

